От своевременного вызова экстренных служб зависят жизнь и здоровье человека. Но нередко этот номер становится инструментом для баловства. Большое число заведомо ложных вызовов связано с легкомысленным поведением граждан. Иногда это хулиганство взрослых по телефону, в некоторых случаях – детская шалость. Участились в последнее время также звонки о неизвестных предметах, «минированиях».

Оперативные службы обязаны реагировать на любое сообщение, так как никто не может дать стопроцентной гарантии, что оно ложное. Пожарные, спасатели и другие оперативные службы не шутят человеческими жизнями, они должны полностью исключить даже вероятность угрозы.

Стоит задуматься о том, что в то время когда пожарно-спасательные подразделения отрабатывают **«ложный вызов»**, их помощь может быть жизненно необходима в другом месте другим людям.



**Главное управление МЧС России по Республике Дагестан обращается к родителям с просьбой рассказать своим детям о недопустимости подобных развлечений. Как показывает практика, они дорого обходятся. Взрослым тоже стоит воздержаться от желания столь неудачно пошутить, им могут грозить меры административной и даже уголовной ответственности.**

Вызывая спецслужбы, не имея для этого никаких причин, стоить помнить, что такая **«шалость»** карается законом. Согласно статье 19.13 КоАП РФ: **«Заведомо ложный вызов пожарной охраны, полиции, скорой медицинской помощи или иных специализированных служб – влечет наложение административного штрафа от тысячи до полутора тысяч рублей».**

Помимо прочего, нельзя забывать и об ответственности родителей. За неисполнение обязанностей по содержанию и воспитанию несовершеннолетних (**статья 5.35 КоАП РФ**), опекуны или родители несовершеннолетних правонарушителей привлекаются к административной ответственности, подразумевающей предупреждение и наложение штрафа.

Набирая **«101»** или **«112»,** помните: все разговоры записываются!

**Единый телефон доверия ГУ МЧС России по РД: 8 (8722) 39-99-99**

**Отдел НД и ПР № 10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

# Поэзиялъул гъумер

*Гьанже шигӀрабазде гӀадан регӀилищ,*
*ГӀарцул ургъалида халкъ бугеб мехалъ?*
*КигӀан цӀакъабши тӀехь лъица цӀалилеб –*
*ЦӀи гьабун гӀуцӀиялъ гӀадлу биххичӀищ?*

**МахӀмуд - Апанди**

## ЦӀалдохъабазул кучӀдул

### Щибго к1очон гьеч1о, щивго к1очон гьеч1о

Нижеда к1удияз бицун раг1ана
Нек1сияб рагъалъул, кьог1ал соназул.
Муг1алимзабаца бицун бич1ч1ана
Къадарал немцазул рук1арал хьулал.

Наг1ана батаяв хъант1арав Гитлер,
Рак1алдейищ ккараб мурад т1убалин?
Огь, нуж ч1унтун ккаял ч1вадарухъаби,
Хьул лъунищ бук1араб нижер ракьалде?

Г1айиб щиб бук1араб херал чаг1азда
Копое ц1аги гъун, рух1изе ккани?
Щиб мунагь бук1араб г1исинлъимазда,
Хочода т1адги ккун, инжит гьаризе?

Сордо биххун т1аде к1анц1арал чудкул,
Рук1араб бак1алде щвезе гьаруна.

Иман- ях1 т1аг1арал хиянатчаг1и
Ват1ан хирияца щущазаруна.

Дир Дагъистаналъул къвак1арал васаз
Жидер бах1арчилъи бихьизабуна.
Буртунай росулъа багъадурзабаз
Тушманасда кьаби щвезе гьабуна.

Бергьенлъи босана нилъер армиялъ,
Амма Гитлерил ракь х1ажат бук1инч1о.
Байрахъ парпадана Берлиналда т1ад,
Т1ад руссун рач1ана ч1ух1и- бух1игун.

Ч1ух1улел рук1ана бергьенлъиялъухъ,
Рух1улел рук1ана щапун аразухъ.
Дол рагъул соназда гьенир хваразул,
Халкъалъ х1урматалда бицине буго.

**Залимхан Утарбиев, 4-аб классалъул ц1алдохъан,**
**Буртунай росу.**

## Дир хъизан – дир талих1

Дир талихӀ,дир рохел гьаб дунялалда,
Дида нахъа чӀараб дир хъизан буго.
Гьеб нилъее ккола бищун хирияб,
Хазина Аллагьас сайгъат гьабураб.

«Баба»,-ян ахӀизе дир хӀал гӀоларо,
ХӀеренай дир эбел аскӀой гьечӀони.
«Дада»,-ян ахӀунги дун гӀорцӀуларо,
ГӀамал лъикӀав эмен вихьичӀонани.

КъваригӀараб мехалъ дир мугъ чӀвалеб къед,
Къимат тӀадегӀанав дир дада вуго.
Алжаналда жаниб жавгьар гӀадинай,
ГӀаданлъи цӀикӀкӀарай дир баба йиго.

Баркала дуй, баба, хӀалимлъиялъухъ,
ХӀеренай,хӀасратай мун дир йигелъухъ.
Баркала дуй, дада, дир мугъ чӀвалеб бакӀ,
ЧӀалгӀинчӀого, даим дун вокьиялъухъ.

КӀодобаба,дада,ункъачо -ада,
Нужер цӀар бахъидал бохула дир ракӀ.
Вацако,яцако нуж- дир дарманал,
Нужгун кӀалъалаго, чучула керен.

РитӀухълъигун рокьи,цинги хӀалимлъи,
Гьеб гуребищ цолъи цо хъизаналъул?
Дие гӀакълу кьураб,гӀелму малъараб,
Мун гурищ, дир хъизан, дун цӀакъ чӀухӀарав?

**ГӀабдурахӀман ЖАМАЛДИНОВ,**
**4 классалъул цӀалдохъан, Буртунай росу**

## Дуде нижер салам, Салатавия!

Гӏагарал росаби - Салатавия,
Расалъаби, мугӏрул - Салатавия.
Суратал рихьизе ран ругин кколеб,
Берцинаб тӏабигӏат - Салатавия.

Тӏощел-пихъ гьарзаяб - Салатавия,
Гьава-бакъ рекъараб - Салатавия.
Къо ккедал, рагъде ун, рухӏалги кьурал
Бахӏарзал руго дур, Салатавия.

Хӏанчӏазул чӏир-чӏири - Салатавия,
Ритӏучӏазул рохьал - Салатавия.
Рорхалъуда зодир цӏумал гӏадинал ,
Лебалал гӏадамал - Салатавия.

Гӏакъилал хараби - Салатавия
Гӏащикъал поэтал - Салатавия
Гӏелмиял тӏахьазда гӏемер батараб
Бечедаб тарих дур, Салатавия.

Ниж угьулеб хӏухьел - Салатавия
Хӏасратаб кечӏ дуе, Салатавия.
Сабру рекӏелъ бугел, рекъел бокьулел
Жамагӏатазул ракь -Салатавия.

Нижер пикрабазулъ - Салатавия
Каранда кӏутӏиги - Салатавия.
Сапаралда рукӏун руссунагоги,
Салам тӏоцебе дуй, Салатавия.

**Мух1амад АСХ1АБОВ, Бавтугъай росу.**

## Дир маг1арул мац1

Рорхатал муг1рузул маг1арул улка,
Маг1арул миллаталъ ч1ух1араб Ват1ан.
Ч1ч1ел босун ругьунав, наслабазул вас,
Воре, маг1арул мац1 к1очене тоге.

Хъван тун бугин хит1аб маг1арулазе
Маг1арул шаг1ирас миллат ц1унеян.
«Метер маг1арул мац1 хвезе батани,
Хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун».

Жиндир мац1 лъаларев миллат ц1унич1ев,
Ц1ар мац1 Ват1ан жиндир гьеч1ев чи ккола.
Эбел-эмен гьеч1ев, росу-ракь гьеч1ев,
Гьаб ракьалда вугев янгъизлъун ккола.

Чилъиги,миллатги, маг1арул мац1ги,
Маг1арулав, воре, к1очене тоге!
Тоге ях1ги,мах1ги,бах1арчилъиги
Ц1уне умумуца ц1унараб х1алалъ.

**Г1абдуразакъ МУХ1АМАДОВ,**
**Ичк1а росу.**

## Рагъалъ вас гьавуларо

Ват1аналде т1аде тушман к1анц1идал
Улбуз рагъде васал нухда рег1ана.
Бергьенлъиги босун, т1адруссайилан,
Сордо къоял рик1к1ун, ралагьун ч1ана.

Киредай гьел арал, гьеч1о рач1унел,
Гьезул г1емерисел дора къанщана.
Ц1об гьеч1ев тушманас гурх1ел гьабич1ел,
Г1олохъанал гьезул хобал рилана.

Рек1еда, черхалда ч1ег1ер баниги,
Ч1аго гьел ратилин хьул къот1ич1ого,
Улбул,яцал, лъудби г1емер рук1ана,
Солдатазул кагътахъ балагьун ч1арал.

Гьеч1о,ана васал, гьел рач1унаро,
Ват1ан ц1унулаго, ц1адулъ хут1арал.
Улбуца гьарурал, рагъалъ рахъарал,
Васазул бергьенлъи хут1ана нахъе.

**Хайродин ВИСАИТОВ, Калининаул росу.**

# Поэзиялъул гъумер

*МухIамадбег АБУЛАЕВ, Гуни росу.*

## Бокьула, рокьула кидаго дие

Бокьула кидаго дие Дагъистан,
Киналго ишазулъ цебе букIине,
Аманатги гьабун умумуз тараб,
Миллатазда гьоркьоб вацлъи цIунулеб.

ЦIакъ бокьула дие гIагараб район,
РакIал аваданал гьелъул гIадамал.
Ургъелал кканиги рохел щваниги,
Щибниги хисичIеб гьудул-гьалмагълъи.

Гьадал кьурабалъан т1ок1к1ун чвахулел,
Чабхилал иццазул бацIцIадаб гьаракь.
Риидал хасало,ихдал хаслихъе,
ХисичIого чIарал гохIал ва щобал.

«Салатавиялъул сси»-ян цIар кьураб,
ЦIар берцинаб росу бокьула бищун.
РагIиги гIакъилал гIакълуги тIокIал,
Гуниязде буго дир хасаб рокьи.

*Зарема МУХIАМАДОВА, ИнкIа росу.*

## ЧIваге багьанаби заманаялда

Дие бокьун буго заманаялда
Г1айиб гьабулелгун дагьалъ к1алъазе.
Гьаб заманаялда г1айиб кин ч1валеб,
Г1айиб нилъедаго бугеб мехалда?

Рак1алде бач1уна гьит1инаб заман,
Г1адамал цоцазулъ берцин рук1арал.
Къварилъи-г1ат1илъи цоцазе бикьун,
Цо хъизан кинниги, квер кьун рук1араб.

Гъежда г1ерет1ги ч1ван, г1олилал ясал,
Бет1ер борхич1ого, рукъор рач1унеб.
Росдал годек1абахъ херазул адаб
Г1олилаз, борхатго, ц1унун бук1араб.

Гьанже бихьулищха балай цо бугеб,
Бел,газа дорег1ан рехун тун ругел.
Ахал-хурзал ч1унтун, ч1ах1ие руссун,
Санде гьарич1ого жалго тун ругел.

Квине квен г1емерлъун, г1амал к1одолъун,
Г1адамазул г1адлу т1убан хун бугеб.
Ватцапазда жаниб питнаги бекьун,
Кьерилаз санде чи гьавулев гьеч1еб.

Истаграммалъул лагезаллъунги лъун,
Г1олилазул г1амал лъукъ-лъукъун бугеб.
Берцинаб, квешабин,квешаб лъик1абин,
Бицен бугеб ц1ик1к1ун халкъалда гьоркьоб.

Гьадинги пашманаб гьаб дунялалда
Рач1а, гьудулзаби, гьудуллъи кквезе!
Гьеб жинца ц1унулеб цо къуват бугин-
Вацлъи, яцлъи, цолъи ва сахаватлъи.

Адаб хатир тараб г1амал жибго тун,
Ч1ах1иязул х1урмат рач1а гьабизин.
Ях1-намус бац1ц1адал маг1арулазул
Г1адамал киназго рек1елъ ц1унизин!

*ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ, Тъизилюрт шагьар.*

## Кьижа дир яс, Саида

Жеги гIолохъанго хварай ясалъул
Заниялда аскIов эхетунги чIун,
Пикрабалъ вуго дун къваридаб ракIгун,
Араб гIумруялъул хIисабги гьабун.

Дида цебе чIана яс гьаюраб къо,-
ТIоцебесеб лъимер Аллагьас кьураб.
Доб къоялъ рохалий гIорхъи букIинчIо,
ЦIияб дунялалде щванилан ккана.

ТIоцебесеб нухалъ **«Дада»,**-ян абун,
Дида къвал бараб къо кIочон толаро.
Гъуждузда тIадги лъун, байрам къоязда
КъватIахъ сверулаан дун мунгун цадахъ.

Школалдаса тIад мун юссунеб гIужалъ
Дуда данде чIвазе хIалакунаан…
Мун йикIана нижер рухIги хIасратги
ЛъикIабщинаб гIамал чорхолъ бессарай…

…Рогьалил гIужалда дур рухI босидал,
Сверухълъиго, дунял бецIлъанин ккана.
ГIагарлъи бохарай, гIамал берцинай,
Юссунареб сапар бухьана дуца.

КIиялгоги васал нижееги тун,
ГIедегIунищ арай абадиялде?
Гъоркьгоги чиякъав чиякълъана дун
Рокьиги бичана дунялалдаса…

ЛъимергIан хирияб щибго бугебдай
Дунялалъул рукъоб эбел-инсуе?
Амма, бихьугеги тушманасдаги
Жиндир лъимерги хун, тIад къулараб къо!..

Аллагьас кьолилан, Аллагьас унин
Аби батун буго гьаб дунялалда.
Таваккалги тIамун, сабруги гьабун,
Гьеб рагIуе дунги мукIурав вуго.

Дунялалъул рукъор нилъ гьалбал ккола,
Нижги дуда хадур рачIине руго.
Бичасул хIукмуги кьучIаб жо ккола
Кьижа, дир яс, гьанже мун рахIаталда.

Ахират лъикIаб кьун йоххун ятаги
Алжаналъул нуцIби дуе рагьаги.

*Хадижат ДАВУДОВА, Хубар росу.*

## Сапар щай бухьараб?

Сапар щай бухьараб ЦIобокь росулъе,
Къвалакь мусруги ккун, рукъов вачIине?
ХIетIе щайзе лъураб гIурул рагIалде.
ГIумру къокъ гьабизе,къоял дагьлъизе?

Берал къанщулелъул, рухI босулелъул
Дур гIисинал лъимал тIамичIищ цере?
Ахирисеб хIухьел цIалеб мехалда
Рукъой тарай лъади щвеч1ищ ракIалде?

Дур хIатIил сасалъухъ гIин бан йикIуней
ХIасратай бабу щай къварид гьаюрай?
Мун вихьун гурони, макьу щоларей,
Щай гьелъул ракIалъул хIалхьи бикъараб?

ГIолохъаби, унге Сулахъ гIурухъе,
Нуж кIкIунеб гъваридаб кIкIал бугин доба.
Божуге гIоралда сасун бугилан,
Нужее къор гъезе къачIан батулин.

*М-запир ГIАБДУЛМАНАПОВ. ЦIияб Данухъ росу.*

## КЪОКЪАЛ ЖУГЬАБИ

Гьунар гьечIевлъун вукIин
Гуро гьесул ахIмакълъи,
Амма гьеб бичIчIунгутIи
Буго гIураб гIадаллъи.

*****

ГIемер хIалтIанщинасе
ГьечIеб гьунар щоларо,
Щибаб къоялъ бекерун,
Чол йоргъа бахъунаро.

*****

ГIакълу, ццималда цеве
ЦихIингIаги кколарев,
АхIмакъасе гIакълу кьей
ГIададисеб жо буго.

ГIакъиласулги цо-цо
ГIакълу кватIун ккунилан,
ГIад-хочI гьабичIого тун,
ГьацIулъ хIе г1адин, х1ехье.

*****

Садакъа хIажатазе
ХIал кIванагIан чIаго кье
Мун хведал хутIараб жо
Ирсилазде буссунин.

Дур бетIергьанлъиялда
Лъабил бутIа хут1ула,
Дурго кверах кьечIелъул
Кири дагьаб букIуна.

*****

Гьарарасе кумекги,
Ккарасе мунпагIатги,
ГIемерго к1вечIониги,
КIварабгIан хехго гьабе.

Хвел рахъин нилъехъ гьечIо,
Нахъияб рахъ цIехоге,
ЦIадирабазда лъезе
ЛъикIлъи гIедегIизабе.

*****

Дирги букIарабин
ГIолохъанаб мех
ГIодоб хъущтIизегIан
ХIетIе толареб,

*****

Вакъи-къечеялъул
Къварилъи лъачIеб
Къвалакь миккиялъул
Хоно бежулеб.

*****

ГIадатияв чияс ботIрода лъураб,
ЛъикIаб гьечIин ккола гIантIикIа
тIагъур
Ханасул ботIрода хIулараб
къехьцин
ХIурматги гьабула багьаги
кьола.

*****

КигIан пасихIалги кочIол рагIаби
Кисай т1еренасул сан гьаруларо,
МагIна-гIамал гьечIеб чIанда
хъваниги,
ЧIваларо гIайибги гIарац
бугесда.

*31 год-выводу Советских войск из Афганистана*

# Праздник с болью в сердце

15 февраля -день памяти тех, кто отдал свой воинский долг, не предав присягу. Афганская война для наших солдат началась 25 декабря 1979 года. Им было запрещено сообщать родным, где они находятся и чем занимаются.

Очень трудным был вывод войск из Афганистана. Этому сопротивлялись руководители Афганистана, некоторые общественные деятели СССР и моджахеды. Моджахеды активизировали военные действия, хотели показать всему миру, как бегут советские солдаты, как они бросают своих раненных и убитых.

**«Эта война не нужна была никому. Она не дала нашей стране абсолютно ничего, кроме колоссальных людских потерь и огромного горя»**,-сказал командующий 40-й армией в Афганистане Б.Громов.

15 февраля, День афганца- торжественный и печальный. Он всегда проходит со слезами на глазах и болью в сердце. Живы еще матери тех, кто не вернулся с той войны. Стоят в парадном строю мужчины, которые в те годы были мальчишками.

**Ленинградалъул блокада бахъаралдаса-76 сон**

# Гъозталаялда - акция



28 январалда Гъозтала росдал администрациялда т1обит1ана Ленинград фашис-тазул блокадаялдаса эркен гьабуралдаса 76 сон т1убаялда хурхараб акция. Росдал библиотекаялъе нухмалъулей Загьидат Г1амировалъ гьениб г1уц1ун бук1ана блокадаялъул ва гьеб бахъиялъул х1акъалъулъ хъварал т1ахьазул выставка.

Блокадаялъул заманалда Ленинградалда бук1араб ах1вал-х1алалъул, г1адамазда гьениб бихьараб г1акъуба-къва-рилъиялъул бицун к1алъазе яхъана Загьидат Г1амирова. Гьединго, х1алт1улел гьеч1езе сордо-къоялъе кьолеб бук1араб **«чадил»** норма (125 гр.) бихьизабиялъе ч1ег1ераб чадил кескалги рук1ана гьенир х1адурун.

Данделъиялдаса хадур ниж щвана рагъул заманалда лъимерлъуда рук1аразухъе. Гьез нижее бицана рагъул соназ бихьараб, г1акъуба-къварилъиялъул, **«Кинабго-фронталъе, кинабго- бергьенлъиялъе»** ах1иялда гъорк жалго х1алт1иялъул.

**Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.**

# «Лачен» лъималазул ахалда...

*…Куркьбал щулалъичIел*
*ГIисинал тIанчIи*
*Нуж роржине зобал*
*РоцIун хутIаги.*

*Ракълилаб ракьалда*
*Рижулел тIугьдул*
*Гьава-бакъ нужее*
*Рекъараб ккаги.*



Лъимерлъи буго къокъаб букIаниги,бищун талихIаб, гIумруялъул ахирисел соназде щвезегIан трекIелъ хутIулеб, хIикматаб заман.

Чан батIияб къисмат щибаб лъимадул букIунареб?!

Сундасан байбихьулеб лъималазул талих?! Гьеб байбихьула эбел-инсул рукъосан, гьезие щолеб тIалабгун рокьиялдасан.

Гьединал лъималазул гьурмаздаса камуларо гьими,бадиса сунаро кунчIи. ТалихIги рохелги гьезие щолеб к1иабилеб рукълъун ккола нижер Гертма росдал **«Лачен»** лъималазул ах.

Жиндир мунагьал чураяй Загьидат Тучалаевалъул хIаракаталдалъун росдал лъималазе рагьараб гьеб ахикь, гьоркьоса къотIулареб, аваданаб релъи-хъуй,ихдалил хIанчIазул гIадинаб чIир-чIириги чIаголъиги букIуна. Гьезул лъимерлъи жеги талихIаблъун, аваданаблъун лъугьинабизе хIаракат бахъула гьелъие нухмалъулей Сидрат МухIамадовна Чалуховалъ. Эбелалдасанго ирсалъе щвараб гIаданлъи, лъималазде рокьи гьезул тIалаб бугей Сидратица гьениб хIажатабщинаб чIезабун буго.

Лъималазул ахикь руго - рацIцIалъи, лъик1ал кванил нигIматал,расандизе ва хIухьбахъиялъе киналго санагIалъаби. Къокъгьабун абуни, лъималазе гьениб щола эбел-инсулаб тIалаб-агъаз. Умумул рази рукIуна гьенир хIалтIулел тарбиячагIаздаса ва гьел реццалъе мустахIикъалги руго.

Щай абуни, гьезул коллектив буго гъункараб, цоцазе кумекалъе бахъунеб ва рекIел рокьи лъималазе кьолеб.

**Табика ЗИРАЛОВА, Гертма росу.**

# Дида цебе буго Афгъаназул ракь…



Исана нилъеца к1одо гьабулеб буго Афгъанисталдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса 31 сон т1убай. Гьеб рик1к1уна Афгъанистаналда бук1араб рагъда г1ахьаллъаразул къолъун **(15 февраль).** Г1асрабаз лъиениги къуличIеб,сунданиги къуркьизабизе к1веч1еб Дагъистаналъул ц1ар борхатго ккурал, гьелъул тарих бечед гьабурал г1адамал рахьана Салатавиялдасаги. Гьез ракьалда тараб щибаб лъалк1алъулъ бихьула Ват1аналде, г1агараб ракьалде бугеб рокьи ва тушманасдехун рокьукълъи.

Нилъ нуг1заллъун руго Афгъанистаналда бук1араб ва гьабсаг1аталдаги гьениб унеб рагъуе.Гьаб заманалда гьелъие бат1и-бат1ияб къимат кьола . Кин бук1ун батаниги , Ват1аналъ т1ад лъураб налъи т1убазелъун, нилъер г1олохъабиги г1ахьаллъана гьеб рагъулъ. Нилъер районалдасаги Афгъанистаналде ана 61 г1олилав, гьезул 6-яв рагъул байданалда хут1ана. Рагъ буго рагъ, жинда гурх1ел-рах1му лъалареб, бидул г1оралдацин свинабизе к1олареб ц1а бакараб кор. Гьеб рагъулъ г1ахьаллъана Хубар росулъа медсестра Умижат Юсуповаги.

Афгъанистаналде рит1изе медицинаялъул х1алт1ухъаби х1ажат ругилан раг1арай гьей, жий гьение йит1ейилан рагъулаб комиссариаталде уна . Гьелъул бугеб таваккалги бихьун, к1иго соналъе къот1иги гьабун, Умижат Афгъанистаналде йит1ула. Гьей Шиндандалъул рагъулаб госпиталалда х1алт1ула. Гьениб бич1ч1уна Умижатида рагъул кьог1лъи.

Г1умруялъ хут1ула гьелъул рек1елъ рак1 гъанц1изабулел рагъул суратал. Гъизилюрт,Мах1ачхъала,Москва шагьаразул больницабазда х1алт1улаго щварал х1албихьияз лъадарарай йик1аниги, гьелда цебеса унеб бук1инч1о гьеб рагъда г1умруялдаса рат1алъаразул улбузде щвараб рек1ел х1ал ва гьез т1езе ккараб маг1у. Амма кинал зах1малъаби дандч1ваниги, Умижатица т1убазабуна улкаялъул т1адкъай, интернационалияб налъи. Гьебги кколаригщ г1олохъанай ясалъул бах1арчилъи?

Диргун ккараб гара-ч1вариялда Умижатица абуна: **«Дун диего гьабулеб рецц-бакъалъе г1оло яги цогидазда мисал бихьизабизелъун ун йик1инч1о Афгъанистаналде. Бищунго рек1ее зах1малъана цо-цо « хъах1ал кверазул» чиновниказ «Нуж доре х1ал гьабун рит1ич1о, нужеего бокьун ана »,-ян аби. Гьеле, гьединаз чорок гьабун буго нилъер улка»**,-ян.

Жиндирго хъизан-рукъ гьеч1ей,г1умруялъ мухьдахъ ккураб чияр рукъой г1умру гьабун йигей, янгъизай ч1ужуг1аданалъул рес къот1араб х1ал, гьелъул рек1ел ах1и гьезда раг1унеб гьеч1о.

Дица г1ажаиблъи гьабула гьанжесел бюрократаз цо-цо **«Т1адег1анал ц1ваби»**,-ян ц1арал кьуразе машинаби, рукъзал ва гь. ц. сайгъат гьариялда, ц1аразеги реццалъеги мустах1икъал гьоркьор ричалел рук1иналда. Кинаб рит1ухълъи гьениб бугеб? Щиб гьабилеб, гьедин нилъер пачалихъалда цебего билъанхъун буго. Инсанасул г1амал-хасият заман анаг1ан хисула, амма Умижатил берцинаб г1амалги лъик1ал хасияталги хисич1ого руго. Гьей жийгоги йиго х1еренаб каламалъул, рагьараб рак1алъул, Аллагьасдеги г1адамаздеги рокьи бугей ч1ужуг1адан.

Гьединайлъун лъала нижеда Умижат. Гьелъ хъвала шиг1риял асаралги. Гьале гьезул цояб.

*Автоматал раччун, пулемётал ран,*
*Кьалул авлахъалде х1адурлъи гьабун,*
*Гьел гьужумалъ ине къач1алеб мехалъ,*
*Къваридго балагьун хут1улаан дун.*

*Кьурабалъ вахчарав моджахедасул,*
*Рек1к1аб гуллаги щун, къукъарав солдат.*
*Гьесул сородулел к1ут1биги рихьун,*
*Аллагь кумекилан ах1ана дица.*

*Чан гьединал васал дора къанщарал?*
*Чан г1олилас гьениб би г1одоб т1ураб?*
*Гьезул жаназаби рач1араб мехалъ*
*Чан эбелалъ т1еч1еб бух1араб маг1у?*

*Дида цебе буго Афгъаназул ракь*
*Ц1адуца боркьараб, биялъ белъараб.*
*Ч1ег1ераб щакъиялъ хъахъ1ал ганч1азда*
*Ч1варал солдатазул хъварал дол ц1арал.*

**Х1. КАРИМОВА.**

# Ц1ияб т1ехь




Гьал къояз Махlачхъалаялда бугеб **«АЛЕФ»** басмаханаялъ (500 тиражалда) къват1ибе биччана Ц1ияб Данухъ росулъа Мух1амадзагьир Г1абдулманаповасул **«Вач1ина духъеги урхъич1ев гьобол»** абураб исламалда хурхарал шиг1рияль асаразул т1ехь.

# Военный комиссариат информирует…

Проводится отбор кандидатов ,подлежащих призыву на военную службу, для направления на подготовку по военно-учетным специальностям (водитель категории «С») в образовательных учреждениях РО ДОСААФ России РД с последующей отправкой в армию.

**Требования к кандидатам**:

1. Наличие аттестата о сдаче ЕГЭ (11 кл.);
2. Годность по состоянию здоровья;
3. Отсутствие судимости близких родственников;
4. Желание учиться;
5. Возраст 20 лет и выше.

**По вопросам поступления, отбора обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов тел. (8-279)-2-13-02.**

ВЛАСТЬ

# Его уволили, и тебя уволят!

*За что глава МВД Дагестана уволил руководящий состав Каспийского ГОВД?*

**А. Курбанов, г. Каспийск**

Министр внутренних дел Дагестана Абдурашид Магомедов рассказал, что уволил руководящий состав ОМВД по Каспийску из-за подчиненных.

Около месяца назад сотрудники МВД Дагестана проводили ночную проверку в Каспийске и увидели, что на улице четверо молодых людей выражались нецензурно и кричали, а недалеко от них стоял наряд полиции.

**«А зачем мне такой начальник территориального органа внутренних дел, если человек вышел со своей супругой, увидел юнцов, которые ведут себя неприлично, сделал замечание, те на него напали, а рядом стоящие полицейские не пришли на помощь. Такая полиция нам не нужна, такой руководитель, который не может обеспечить спокойствие горожанам, - мне не нужен. И мы освободили все руководство каспийского ГОВД.**

**Это было чуть меньше месяца назад. Сейчас в Каспийске новый руководитель ГОВД. И если при нем повторится такое, и его уволим**», - сказал Магомедов.

"АиФ №5

# Ахириял харбал

Китаялда баккараб коронавирус унти г1езег1анго пачалихъазде щун буго. 6 февралалде ругел баяназда рекъон,унтаразул къадар 18 азарго чи, хваразул 426 чиясде бахун буго.

*****

Гьеб унти бахунеб бук1ин х1исабалдеги босун, дунялалъулго (гьезда гьоркьоб Россиялъги) пачалихъаз жидерго г1адамал Китаялдаса нахъе рачиналъе тадбирал гьарулел руго.

*****

Коронавирус баккиялъул х1асилалда, дунялалъулго пачалихъазе ккараб зарал ( гьоркьор ругел бухьенал заманалъ къот1изаризе ккеялъ) ц1ик1к1унеб буго цо чанго млд. доллаpалдасаги.

*****

Х1. Нурмух1амадовасулги Т. Фергюсонилги къецазде ричулел (лъик1ал бак1азухъ) билетазул багьа бахунеб буго 11 азарго долларалде.

*****

Г1агараб Востокалда кколел рагъулал тунка-х1усиязулъ г1ахьаллъиялъе ахир лъезе бугилан лъазабулеб буго США ялъ.

*****

Бак1-бак1азда т1орит1улел дандч1ваязда В.В. Путиница бицана Конституциялда гьарулел хиса-басиял,чара-гьеч1ого,х1ажаталлъун кколилан.

*****

Сулейман Керимовасул васас Дагъистаналда футболистазул ц1ияб клуб г1уц1изе буго.

*****

Дагъистаналда лъим бац1ц1ад гьабулеб бак1ал раялъе биччараб 22 млн.гъурущ бикъун буго.

*****

Дагъистаналъе нухмалъулез х1укму гьабун буго гьаб соналъ 300 бесдаллъимералъе рукъзал къезе.

*****

2020 соналъ Дагъистаналъул школазе ремонт гьабизе 400 млн. гъурущ биччан буго.

# Баркала нужее, лъик1ал г1адамал

**…Нилъеда к1очон тола**
**Ракъараб мех г1орц1игун.**
**Нилъеда к1очон тола**
**Унтараб мех сахлъигун.**

**Фазу Г1алиева**

Дида рак1алде ккана гьаб макъалаялда лъезе мустах1икъал раг1аби ругин гьелин. Бит1араб буго, киданиги к1очене бегьуларо х1ал щвараб мехалъ кумекалъе ратарал г1адамал. Унти басралъизе теч1ого, заманалда тохтурзабахъе ани, сахлъиги щола, хадусеб г1умруялде божилъиги бук1уна.

Гьедин, рек1ел унтиялъ х1ал лъураб заманалда ине ккана дун Дубки поселокалъул больницаялде.

Гьенив вуго нижер Гертма росулъа Дагъистаналъул мустах1икъав тохтур Мух1амадзапир Юнусов. Дир халги гьабун, гьес хех операция гьабизе ккolинги абун, дун Мах1ачхъалалде вит1ана. Гьанже дир сахлъиялъе х1инкъи гьеч1о, операциялдаса хадуб бигьалъи ккана. Дие бокьун буго рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе Мух1амадзапир Юнусовасе, Аматула Г1исаевалъе, Мадина Манаповалъе ва хехаб кумекалъул фельдшер Альфия Садикъовалъе.

Аллагьасул рахъалдасан кириги унтаразул баркалаги даимлъаги нужее, лъик1ал г1адамал.

**Камалдиновазул хъизан, Гертма росу.**

# Лъазаби

**Х1урматиял районцоял ва нижер божарал гьудулзаби!**

**«Чапар»** газеталъул редколлегиялъ нужеда гьарулеб буго кьуч1 гьеч1ел, мух1канлъи лъаларел х1ужаби рехсарал ва инсанасул напс г1одобег1ан гьабулел макъалаби нижехъе рит1угеян. Гьел нижеца газеталда рахъизе гьеч1о.

**РЕДКОЛЛЕГИЯ.**

*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: 367032, РД г.Мах1ачхъала, Насрудиновасул къватl №61*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютеральул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*